Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 4 (6891) 22 январь 2024 с. Итни Ражаб 1445 с. Багьа - эркенаб

**УЛКАЯЛЪУЛ ЦЕБЕТIЕЙ**

## Гъалип Гъалипов: «ТIоцебесеб ТIолгороссиялъул муниципалияб форумалъул хIалтIул лъикIал хIасилал рукIиналда щаклъи гьечIо»

### Бакълъулазул вакилзаби – «ГьитIинаб ВатIан – Россиялъул къуват» абураб тадбиралда

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, ЦIиликь росдал нухмалъулев МухIамадгIарип ГIубайдулавас, ЛъаратIа росдал нухмалъулев Анвар Залумхановас ва данхъадерил бегавул ГIабдулатIип ГIисаевас «ГьитIинаб ВатIан – Россиялъул къуват» абураб ТIолгороссиялъулаб муниципалияб форумалда гIахьаллъи гьабуна. Тадбир тIобитIана Россиялъул тахшагьаралда. Форум гIуцIун букIана улкаялъул президент Владимир Владимирович Путинил тIадкъаялда рекъон.**




Анкьазаргоялдасаги цIикIкIун Россиялъул муниципалитетазул бутIруз гIахьаллъи гьабуна тадбиралда. ВДНХялъул микьго павильоналда ана форумалъул программа. Гьедин, тIоритIана 65 гургинал столал, 19 лекциял, проектазул презентациял, федералияб тIалъиялъул вакилзабазулгун дандчIваял ва гь. ц.

Бакълъулазул нухмалъулев форумалда дандчIвана ДРялъул бетIерасул ва ХIукуматалъул Администрациялъул нухмалъулев Алексей ХIасановгун, бицана гьесулгун Бакълъул мухъ цебетIеялъул, ай мугIрузулаб рахъалде тIабигIияб газ бачиналъул ва гь. ц.

Гъалиповасул рагIабазда рекъон, ТIолгороссиялъулаб муниципалияб форум тIобитIи – пайда бугеб иш. «Дагъистаналдаса 240 гIанасев вакил аукIана форумалда. Россиялъулго шагьараздаса ва районаздаса 7500 гIанасев нухмалъулев гIахьаллъана ТIолгороссиялъулаб форумалда.

Нижеца гIахьаллъи гьабуна «ГIадатазулъ буго къуват», «ЦебетIеялъулъ буго къуват» абурал тадбиразда, дандчIвана республикаялъул, федералияб тIалъиялъул вакилзабигун. Рорхана кIвар бугел суалал. ТIоцебесеб ТIолгороссиялъул муниципалияб форумалъул хIалтIул лъикIал хIасилал рукIиналда щаклъи гьечIо», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

**БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ**

## Медучреждениял къачIаялъул суалал рорхана

### ГАС «Управление» порталалда, ЕГИССОялда хъвай-хъвагIай гьаби

**2024-абилеб соналъул 16-абилеб январалда Бакълъул районалъул администрациялда муниципалитеталъул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевасул нухмалъиялда медучреждениял къачIаялъул ва цогидал суалал рорхараб данделъи тIобитIана.**

Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас, федералиял, регионалиял идарабазул вакилзабаз ва цогидаз.

Дандеруссиналда бакълъулазул больницаялъул бетIерай тохтур ПатIимат ГIабдурауповалъ баян гьабуна январалдаса диспансеризация гьабиялъул хIалтIаби байбихьун рукIин. Гьелъ киназдего хитIаб гьабуна сахлъиялъул халгьаби нахъе тIамун тогеян.



Районалъул поликлиникаялда, ТIад Инхо росдал ФАПалда капиталияб ремонт гьабиялъул бицана дандерусиналъул гIахьалчагIаз. ГАС «Управление» порталалда, ЕГИССОялда хъвай-хъвагIай гьабиялъулги баянал гьаруна.

Муниципалитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас лъазабуна тIадал ишал лъикI ва жиндир заманалда тIуразе хIаракат бахъеян.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

**НОМЕРАЛДА РУГО:**



**Бакълъулазул журналистазе – 11-абилеб нухалъ Инхоса-гIалихIажиясул цIаралда премия**

- 2 гьум.



**МухIамад ХIусейханов: «Ниж, рагъухъаби, цIакъ рохула, ракьцояз кумек гьабидал»**

- 2 гьум.



**АхIмад Тимисултанов Каспийскалдаса бергьенлъигун тIадвуссана**

- 2- гьум.



**ЧIиркъатIаса ПатIимат МухIамадова ва Хадижат Хайрулаева ДРялъул волейболалъул къецазул призёраллъун рахъана**

- 2- гьум.

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Бакълъулазул журналистазе – 11-абилеб нухалъ Инхоса-гIалихIажиясул цIаралда премия

### Россиялъул печаталъул къо кIодо гьабуна

**«Гумбет» газетаялъул редакциялда Россиялъул печаталъул къоялъул хIурматалда тадбир тIобитIана. Гьенир гIахьаллъи гьабуна Бакълъул мухъалъул нухмалъулесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас, «Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул гIахьалчи ХIамзат ГIизудиновас, СВОялъул рагъухъан, «БахIарчилъиялъухъ» медалалъе мустахIикълъарав, Игьалиса Шамил ИсмагIиловас, идарабазул нухмалъулез ва цогидаз.**

Бакълъул мухъалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул цIаралдасан гьесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас муниципалитеталъул журналистазда баркана махщалилаб байрам ва гьарана сундулъго икъбал.



2023-абилеб соналъул хIалтIул хIасилалда Бакълъул районалъул администрациялъул хIурматалъул грамотаялъе мустахIикълъана «Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов. Гьединго хIурматалъул грамота къуна газетаялъул жавабияй секретарь Зугьра ГIабдулкъадирова.

Байрамалда хурхун 11-абилеб нухалъ муниципалиталъул журналистазе къуна Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб премияги. Гьедин, 2023-абилеб соналъул хIасилалда шапакъат щвана корреспондент Макка МухIамадовалъе, художествияв редактор МухIамад МухIамадовасе ва дизайнер ГIабдулхIамид ГIабдулкъадыровасе.

Бакълъул мухъалъул журналистаз баркала загьир гьабуна районалъул тIалъиялъе, идарабазул нухмалъулезе ва цогидазе махщалилаб байрамалда хурхун гьарурал баркиязухъ.



Цадахъ гьабураб хIалтIухъ «Гумбет» басмаялъул баркалаялъе мустахIикълъана муниципалитеталъул маданияталъул ва библиотекабазулаб хъулухъ гьабиялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель Набигула АхIмадибиров ва гьеб идараялъул методист, районалъул женсоветалъул нухмалъулелъул заместитель ГIазра Исубилаева.

Россиялъул печаталъул къоялъ «Бакълъулал СВОялда» абураб проекталда рекъон редакциялда гьединго гара-чIвари гьабуна СВОялъул гIахьалчи Шамил ИсмагIиловасулгун. Гьес журналистазе бицана спецоперациялъул мухъалда бугеб ахIвал-хIалалъул. ХIамзат ГIизудиновас ва ГIазра Исубилаевалъ ВатIан цIунулесе сайгъаталги къуна.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# МухIамад ХIусейханов: «Ниж, рагъухъаби, цIакъ рохула, ракьцояз кумек гьабидал»

### ЛъаратIа росдал женсоветалъул нухмалъулей Лайла Залумхановалъе СВОялъул рагъухъабаз баркала къуна

**Дагъистаналъул «Бергьенлъиялъул волонтёрал» абураб отрядалъул нухмалъулев, жиндиего бокьун Украинаялда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялде арав МухIамад ХIусейхановас СВОялъул рагъухъабазе гьабураб кумекалъухъ ЛъаратIа росдал женсоветалъул нухмалъулей Лайла Залумхановалъе баркала къуна.**



«Ниж, рагъухъаби, цIакъ рохула ракьцояз кумек гьабидал. Бихьулеб буго киназулго бугеб лъикIаб бербалагьи. Хасаб баркала кьезе бокьун буго Бакълъул районалъул ЛъаратIа росдал руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Лайла Залумхановалъе ва гьелъул командаялъе. Киналго танкистазул рахъалдасан баркала буго Залумхановалъе», - ян абулеб буго ХIусейхановас жиндирго видеообращениялда.

Бакълъулазул руччабазул гIуцIиялъ СВО байбихьаралдаса гьоркьоса къотIичIого гьабулеб буго ВатIан цIунулезе ва гьезул хъизамазе кумек.



**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# АхIмад Тимисултанов Каспийскалдаса бергьенлъигун тIадвуссана

**Каспийскалда, ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб спорталъул кIалгIаялда, 21 соналде рахинчIел спортсменазда гьоркьор эркенаб гугариялъул рахъалъ тIоцебесеб бакIалъе гIоло тIоритIарал къецазулъ МелъелтIаса АхIмад Тимисултанов бергьана.**



Спортивиял къецал тIоритIун рукIана насихIатчагIи Арминак Карапетян ва МухIамад Рамазанов ракIалдещвеялъул хIурматалда. Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас Тимисултановасда баркана бергьенлъи щвей, гьарана гьесие сундулъго цебетIей.

**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# ЧIиркъатIаса ПатIимат МухIамадова ва Хадижат Хайрулаева ДРялъул волейболалъул къецазул призёраллъун рахъана

**Бакълъул районалъул ЧIиркъатIа росулъ бугеб ДЮСШялъул тарбиячагIи ПатIимат МухIамадова ва Хадижат Хайрулаева Дагъистаналъул 2006-2007-абилел соназ гьарурал ясазда гьоркьор тIоцебесеб бакIалъе гIоло тIоритIарал волейболалъул къецазул призёраллъун рахъана. Тадбир тIобитIана МахIачхъалаялда.**



Къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана МахIачхъала шагьаралъул команда, кIиабилеб бакI босана Каспийск шагьаралъул командаялъ, лъабабилеб бакI щвана бакълъулазул волейбол хIалел гьорлъ рукIараб Болъихъ районалъул командаялъе.

Муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас ва районалъул спорталъул, туризмалъул, гIолилазул сиясаталъул Комитеталъул нухмалъулев МухIамад МухIамадгIалиевас МухIамадовалда, Хайрулаевалда ва гьезул тренер Чакар Шихшалаевалда къиматаб бакI щвей баркана, гьарана нахъеккунги спорталъулъ ва гIумрудулъ церетIеял.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

# Хехаб кумекалъухъ баркала

### Нагагьал балагьаздаса цIунаги

**2024-абилеб соналъул 12-абилеб январалда радал ичIго тIубалеб заманалда цIа ккана нижер минаялда. Жиндир заманалда кумек щвеялъ кIудияб зарал ккечIого рорчIана.**

РакI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго № 45 пожарнияб часталъул хIалтIухъабазе, кумекалъе рахъарал росуцоязе. Аллагьас нагагьал балагьаздаса цIунун таги!

**Гъайирбегов Г1абдумалик , МелъелтIа росу**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Гадари» Гумбетовского района

**«29» декабря 2023 г. Решение № 10 с. Гадари**

1. Утвердить бюджет МО «Село Гадари» на 2024 год в размере 1407,6 рублей, и плановый период на 2025 год в размере 1197,2 рублей, на 2026 год в размере 1212,8 рублей.

**а) Доходы:**

| | 2024 г. | 2025 г. | 2026 г. |
|---|---|---|---|
| **Дотация** | **1258,0** | **1033,0** | **1033,0** |
| Субвенция | 135,6 | 150,2 | 165,8 |
| Собственные доходы | 14,0 | 14,0 | 14,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| Имущественный | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| **ИТОГО:** | **1407,6** | **1197,2** | **1212,8** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Аппарат управления** | **1227,0** | **1002,0** | **994,0** |
| ВУС | 135,6 | 150,2 | 165,8 |
| Ф/К и спорт | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| Молодежная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| ЖКХ (благоустройство) | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| **ИТОГО:** | **1407,6** | **1197,2** | **1212,8** |

**Председатель сельского Собрания М.М. Магомедов**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет «Цилитлинский»» Гумбетовского района

**«29» декабря 2023 г. Решение № 17 с. Цилитль**

**Собрание депутатов постановляет:**
**Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет «Цилитлинский» на 2024 год и на плановый период 2025 и 2026 годов.**

**1. Доходная часть.**

Расчетные показатели по доходам к бюджету сельского поселения «Сельсовет «Цилитлинский»» на 2024 год и на плановый период 2025 и 2026 годов.

**Приложение № 1 (в тыс. рублях)**

| Вид доходов | 2024 г. | 2025 г. | 2026 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 3093,0 | 2495,0 | 2495,0 |
| Налог на доходы физических лиц | 53,0 | 53,0 | 53,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 25,0 | 25,0 | 25,0 |
| Земельный налог | 70,0 | 70,0 | 70,0 |
| Единый сельхоз налог | 12,0 | 12,0 | 12,0 |
| Субвенция | 170,0 | 187,0 | 204,0 |
| **ВСЕГО:** | **3423,0** | **2842,0** | **2859,0** |

**2.Расходная часть.**

Распределение расходов бюджета сельского поселения «Сельсовет «Цилитлинский» на 2024 год и на плановый период 2025 и 2026 годов.

**Приложение № 2 (в тыс. рублях)**

| Вид расходов | 2024 г. | 2025 г. | 2026 г. |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1838,0 | 1782,0 | 1819,0 |
| Учреждения культуры | 1040,0 | 746,0 | 731,0 |
| ВУС | 170,0 | 187,0 | 204,0 |
| ЖКХ (Благоустройство) | 285,0 | 67,0 | 55,0 |
| Молодежная политика | 30,0 | 15,0 | 10,0 |
| ФК и спорт | 30,0 | 15,0 | 10,0 |
| Резервный фонд | 30,0 | 30,0 | 30,0 |

**Председатель сельского Собрания Г.С. Газгереев**

РИТМ ГУМБЕТА

## Телекомпания РГВК «Дагестан» показала сюжет об уроженце села Мехельта Мурадбеге Магомедове

**Уроженец села Мехельта Гумбетовского района, мастер спорта России по спортивной борьбе, чемпион Дагестана по грепплингу, по всестилевому карате, чемпион СКФО по грепплингу, трехкратный призёр чемпионата РД по армейскому рукопашному бою, победитель Кубка мира, Кубка России по грепплингу Мурадбег Магомедов достойно представляет родной Гумбет не только на ковре, но и в рядах сотрудников вневедомственной охраны Управления Росгвардии по РД.**



Магомедов показывает пример несения службы во благо Дагестана и страны. О своём жизненном пути и целях Мурадбег Магомедов рассказал журналистам телекомпании РГВК «Дагестан».

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Дорожники Гумбета вызволили из снежного плена на Харибском перевале газовоз «КамАЗ»

**В зимний период на высокогорном участке республиканской дороги Хасавюрт – Тлох, проходящей через Харибский перевал, часто экстремальные погодные условия.**

Мы регулярно оповещаем путников о ситуации на перевале. Хотя сейчас дорога на этом отрезке трассы не закрыта, но сохраняется опасность. Дорожники Гумбетовского филиала АО «Ремонтно-строительный участок» вызволили из снежного плена на Харибском перевале газовоз «КамАЗ». Бульдозер помог крупному грузовому транспорту преодолеть заснеженную автодорогу.

Отметим, что транспорт с цистернами, полными сжиженным газом и бензином, не может проехать через Гимринский тоннель из-за требований безопасности. По этой причине грузовой транспорт с цистернами горючего передвигается по Харибскому перевалу. Директор Гумбетовского филиала АО «РСУ» Малачи Сурхаев рассказал, что на Харибском перевале зимой дежурит несколько единиц техники, дорожники часто спасают здесь людей. На седловине перевала имеется отапливаемый дом путника с запасом продовольствия, чтобы пострадавшие могли спастись в случае ухудшения погоды и снежной бури.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Кавалер медалей «За отвагу» и «За боевые отличия» Гаджимурад Умаров из села Мехельта: «Ваши письма греют наши души»

Участник СВО на Украине, кавалер медалей «За отвагу» и «За боевые отличия», командир отделения медицинского взвода старший сержант Гаджимурад Умаров из села Мехельта Гумбетовского района поблагодарил школьников Дагестана, их родителей и учителей за трогательные письма и посылки, которые они отправляют на линию фронта.

«Ваши письма греют наши души. Спасибо всем за письма и посылки», – сказал Умаров. Гуманитарную помощь на передовую доставили председатель Гумбетовского отделения ВООВ «Боевое братство», заместитель председателя Комиссии Общественной палаты РД по общественной безопасности, делам ветеранов, военнослужащих и членов их семей, заслуженный наставник молодёжи РД, участник Афганской войны Магомедрасул Сулейманов и его коллега Магомед Арипов.

**РИО «Гумбет»**

## Слова Героя России Магомеда Нурбагандова «Работайте, братья!» – на баннерах, шевронах и в сердцах защитников Новороссии

**В ходе очередной поездки в Новороссию с гуманитарной помощью председатель Гумбетовского отделения ВООВ «Боевое братство», зампред Комиссии Общественной палаты РД по общественной безопасности, делам ветеранов, военнослужащих и членов их семей, участник Афганской войны из села Мехельта Магомедрасул Сулейманов провёл встречи с бойцами СВО, передал им теплую одежду, медикаменты, маскировочные сетки, окопные свечи, продукты, патриотическую литературу, письма школьников.**

Участники СВО знают о подвиге Героя России Магомеда Нурбагандова, который перед лицом смерти сказал легендарные слова: «Работайте, братья!». Этот призыв стал девизом для воинов и настоящих патриотов Родины. Слова Героя России Магомеда Нурбагандова «Работайте, братья!» – на баннерах, шевронах и в сердцах защитников Новороссии.

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Читль» Гумбетовского района

«29» декабря 2023г. **Решение № 8** с. Читль

### Бюджет СП «Село Читль» на 2024 год и на плановый период 2025 - 2026 годов

Бюджет обсужден и принят на сессии Собрания депутатов СП «Село Читль»
29 декабря 2024 г.
Сессия Собрания депутатов постановляет:

**1. Утвердить бюджет на 2024 год и на плановый период 2025 - 2026 г.г.**
**ДОХОДЫ**

| № | Вид доходов | 2024 | 2025 | 2026 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Дотация | 2033 | 1638 | 1638 |
| 2 | Субвенция | 137,6 | 152,2 | 167,8 |
| 2.1 | В том числе: ВУС | 137,6 | 152,2 | 167,8 |
| 4 | Собственные доходы | 32 | 32 | 32 |
| 4.1 | В том числ: НДФЛ | 18 | 18 | 18 |
| 4.2 | Налог на имущество физ. лиц | 6 | 6 | 6 |
| 4.3 | Земельный налог | 8 | 8 | 8 |
| | **Всего доходов** | **2202,2** | **1822,2** | **1837,8** |

**РАСХОДЫ**

| Вид расходов | 2024 | 2025 | 2026 |
|---|---|---|---|
| Администрация | 1427 | 1123 | 1123 |
| ВУС | 137,6 | 152,2 | 167,8 |
| Благоустройство | 62 | 15 | 15 |
| Моло-дежная политика | 6 | 6 | 6 |
| Культура | 522 | 478 | 478 |
| Доплата к пенсии | 36 | 36 | 36 |
| Физкультура и спорт | 12 | 12 | 12 |
| **Всего расходов** | **2202,6** | **1822,2** | **1837,8** |

**Председатель Собрания депутатов**
**СП «Село Читль» А.М. Алиев**

## Чек - лист правил газовой безопасности

**В связи с инцидентами в следствии использования неисправного и несертифицированного газового оборудования, ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» обращается к населению о необходимости обязательного соблюдения правил газовой безопасности.**




1. Граждане обязаны следить за работой газовых приборов, дымовых каналов и вентиляций. Необходимо проверять тягу, а также периодически очищать дымоход.

2. Потребители обязаны следить за состоянием гибкого шланга. Он не должен быть перекручен, натянут и не должен касаться бытовых электроприборов.

3. Запрещается пользоваться газовым оборудованием при запахе газа в помещении.

4. Тягу в вытяжке на кухне нужно регулярно проверять.

5. При работающей газовой плите или газовой колонке форточка или окно должны быть открыты.

6. Установку и ремонт газового оборудования должен производить только сотрудник специализированной организации.

7. Нельзя пользоваться неисправными и несертифицированными газовыми приборами.

8. Категорически запрещается самостоятельно производить газификацию квартиры, перестановку, замену и ремонт газовых приборов.

9. Нельзя самостоятельно проводить проверку герметичности соединений с помощью источников открытого пламени, в том числе спичек, зажигалок, свечей.

10. Запрещается допускать к газовым приборам детей дошкольного возраста.

11. Запрещено использовать газовые приборы не по назначению (например, сушить белье над газовой плитой или отапливать квартиру с помощью газа).

12. Нельзя перекручивать, передавливать или зажимать газовые шланги, которые соединяют оборудование с газопроводом.

13. При обнаружении запаха газа в помещении в первую очередь требуется выключить газ, во вторую — открыть окна и двери, не трогать электроприборы и позвонить в службу газа 04, 104 или в службу спасения 112.

14. О неисправности внутридомового и внутриквартирного газового оборудования нужно немедленно сообщать в газовую службу.

Каждый потребитель газа обязан заключить со специализированной организацией договор на техническое обслуживание и ремонт газового оборудования в квартире (ТО ВДГО/ВДКО).

РИТМ ГУМБЕТА

## Жители Гумбетовского района могут платить за газ, оставаясь дома

**«Газпром межрегионгаз Махачкала» рекомендует использовать дистанционные формы услуг для оплаты за потребленный газ.**

С помощью приложений для смартфонов «Мой Газ» и «Газ Онлайн» потребители газа могут не выходя из дома получить информацию по взаиморасчетам, передать показания индивидуального прибора учёта газа (при наличии), а также произвести оплату за газ.




В качестве простого, удобного и надежного способа оплаты, внесения показаний приборов учета газа и контроля прохождения платежей на сайте компании https://mkala-mrg.ru/ работает «Личный кабинет абонента» и также мобильные приложения «Мой газ» в PlayMarket или «Газ онлайн» в App Store, через которые возможно произвести онлайн-оплату по банковской карте.

«Личный кабинет абонента» отвечает главному требованию времени – максимальной простоте в использовании и экономии времени потребителя.

Что особенно важно оплатить газ через мобильные приложения можно без комиссии.

Для удобства абонентов в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» работает многоканальная телефонная линия Контакт-центра 8-800-200-98-04 (звонок бесплатный).

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
IIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакъулъулазул нур» абурал
цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.